

https://attorneygeneral.delaware.gov/criminal/victims_rights/

Dwa Viktim Krim yo nan Delaware

Delaware gen yon Deklarasyon Dwa pou Viktim yo ([Chapit 94 nan Tit 11 Kòd Delaware la](#)) ki pèmèt yon viktim jwenn enfòmasyon epi patisipe nan tout gwo faz yon ka penal. Sa a se yon rezime dwa yo bay viktim krim nan Delaware.

Lè Yo Rapòte Yon Krim:

- Nan premye kontak ak lapolis la, yo dwe bay viktim nan:
 - yon eksplikasyon sou dwa viktim nan
 - enfòmasyon konsènan disponiblite sèvis sosyal ak lòt asistans pou viktim yo
 - yon kopi rapò orijinal la
 - enfòmasyon sou sèvis pou viktim ki disponib yo
 - enfòmasyon sou Pwogram Konpansasyon pou Krim Vyolan yo ki ka bay ranbousman oswa peman pou depans ki asosye ak lè w se viktim yon krim
 - enfòmasyon konsènan liberasyon anvan jijman (kosyon) akize a
 - kontak yon ajans pou pèmèt viktim nan tcheke estati nenpòt arestasyon.
- Sòf si yon viktim oswa yon temwen renonse konfidansyalite alekri, oswa jan yon tribinal te òdone pou yon bon rezon, yon ajans ki fè respekte lalwa, Biwo Pwokirè Jeneral la, oswa Depatman Koreksyon pa ka divilge, eksepte ant yo menm oswa jan lalwa otorize, adrès rezidansyèl, nimewo telefòn oswa kote viktim nan ap travay oswa yon manm fanmi viktim nan.

Pwosesis Pouswit Jidisyè a:

- Biwo Pwokirè Jeneral la dwe fè yon viktim konnen orè evènman ki enplike nan pouswit akize a.
- Yon viktim ka prezan nan jijman an ak nan kondanasyon akize a, sof si jij nan dosye a deside otreman
- Pwokirè ki sou dosye w la dwe konsilte w anvan jijman an
- Yo dwe akselere pwosedi jidisyè yo nan ka ki enplike yon timoun ki viktim oswa temwen, patikilyèman nan dosye abi sou timoun ak abi seksyèl
- Tribinal la ap eseye minimize kontak viktim nan ak akize a, fanmi akize a, ak temwen defans lan pandan pwosedi jidisyè a
- Anplwayè yon viktim pa ka disipline viktim nan paske li patisipe nan pwosesis pouswit jidisyè a lè biwo Pwokirè Jeneral la mande patisipasyon an
- Pwokirè a pral kontakte w pou diskite sou tout akò pledwari yo pwopoze
- Biwo Pwokirè Jeneral la ap fè enfòmasyon w de krim yo te kondane akize a ak detay òdonans kondanasyon an
- Yon viktim ap resevwa touswit tout byen yo te sezi kòm prèv lè yo pa nesesè ankò kòm prèv, sof si li se kontrebann oswa sijè pou konfiske
- Yon viktim gen dwa pou l prezan nan jijman ak nan kondanasyon.

Aprè Yon Kondanasyon:

- Si akize a fè apèl apre yo te kondane li, Pwokirè Jeneral la dwe enfòmè viktim de sa san pèdi tan sou dat la, lè a, ak lokal pou tout odyans ak desizyon an yon fwa ke tribinal la pran li
- Pou yon akize ki kondane nan prizon, yo dwe enfòmè viktim nan de dat liberasyon an oswa de tout odyans pou libète pwovizwa
- Y ap eseye jwenn epi enfòmè viktim nan si yon moun ki kondane aplike pou yon padon, epi yon viktim ka fè pa de pozisyon yo bay Komisyon Konsèy Libète Pwovizwa oswa Komisyon Konsèy Padon an.